# Pakistannıń abıraylı gazetalarınıń birinde NMPI menen birge islesiw haqqında material járiyalandı

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında Ózbekstannıń Pakistan Islam Respublikasındaǵı ayrıqsha hám tolıq huqıqlı elshisi Oybek Usmanov penen ushırasıwda Penjab universiteti menen birge islesiw boyınsha sóylesiwler bolıp ótken edi.

Pakistan Globallıq hám strategiyalıq izertlewler orayı baslıǵı Xalid Akram hám Penjab universiteti vice-kancleri, professor Muhammad Salim Majar menen elshi Oybek Usmanov jáne institut rektorı Bayrambay Otemuratov, ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor Polatbek Kalxanovlar onlayn formatta ótkerilgen ushırasıwda aldaǵı waqıtlarda ilimiy-pedagogikalıq jumıslarda birge islesiw máselelerin dodaladı.

Image not found or type unknown

Bul haqqında Pakistan Islam Respublikasınıń «National Herald Tribune» gazetasınıń 2020-jıl 25-dekabr kúngi sanında material járiyalandı.

Ilajda Penjab universiteti wákilleri studentler, doktorantlar hám professor-oqıtıwshılardı almasıw, 6 aydan 1 jılǵa shekemgi biypul hám barlıq qárejetleri qaplanatuǵın oqıw saparların shólkemlestiriw boyınsha birge islesiwge tayar ekenligin bildirip ótip, aldaǵı islenetuǵın ámeliy ilajlar kelisip alınǵan edi.

NMPI baspasóz xızmeti.